# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# योना अउर बड़की मछरी

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Jonathan Hay

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Mary-Anne S.

कहानी 26 से 60

**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*

अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

Bhojpuri






योना परमेश्वर की बात के ना मनलन! नीनवे जइला की बजाय योना तर्शीश जाये वाली एगो जहाज जेवन बिपरीत दिशा में जात रहल पर सवार होके रवाना हो गोइलन।




प्रभु परमेश्वर समुद्र में एगो भयंकर तूफान भेजलन। उ एगो बहुत बड़ तूफान रहल! जहाज क नाविक डेराये लगलें कि जहाज कहीं टूट के डूब न जाव।




तूफान, बद से बदतर होत गइल। सब केहू अउर डेराइल नाविक अपनी अपनी देवता से प्रार्थना करै लगलन अउर जहाज हलुक करे खातिर सगरी कार्गो (सामान) के पानी में फेंक दिहलन। लेकिन ओ से उनके कवनो भी मदद ना मिललल।




योना ही केवल एगो आदमी रहलन जे जहाज पर रहला की बावजूद भी प्रार्थना ना कइल। ओकरी बजाय, उ जहाज की अंदर नीचला छोर में खूब बढ़ियाँ नींद में सूतल रहलन। जहाज क कप्तान उनके अचानक देखलन। "तूं इहाँ सूत के का करत बाड़अ? उठअ! अपनी परमेश्वर से प्रार्थना करअ! शायद परमेश्वर हम लोगन की बारे में कुछ सोचें ताकि हमनी क नाश होखला से बच जाइल जा।"




नाविक लोग जल्दी पता लगा लिहलें कि उनकर परेशानी योना से कहीं ना कहीं जुड़ल रहे। योना ओ लोगन के बतवलन कि उ परमेश्वर से दूर भागल जात बाड़न। उ सब ओ से पूछलें, त अब हमनी कअ तोहरी संगे का करल जा कि "समुद्र हमनी खातिर शांत हो सके?”




योना उत्तर दिहलन, "हमके उठाके समुद्र में फेंक द जा" कान्हे से कि हम जानत बानी की हमरी वजह से ही ई महान तूफान आइल बा।




नाविक लोग योना के पानी में फेंकल ना चाहत रहलें। ए खातिर उ सब लोग बड़ी मेहनत से जहाज के खेवत रहलें ताकि उ सब जहाज के किनारे जमीन तक ले जां सकें।
9


परन्तु उ सब अईसन ना कर सकलें; अब खाली एगो चीज करल बाकी रहल!
10


क्षमा प्रार्थना कइला की बाद, नाविक लोग योना के ऊपर उठवलें अउर एक ओर उनके फेंक दिहलें। योना लहरन की नीचे गायब जइसन हो गोइलन, समुद्र तुरंत शांत अउर हवा बंद हो गइल।
11


मौसम में अचानक परिवर्तन, तूफान से कहीं ज्यादा ओ नाविकन के डेरवा दिहलस। उ सब जान गइल होइहन कि खाली परमेश्वर ही अइसन कर सकत बाने। उ सब डेराइलें अउर आश्चर्य चकित होके परमेश्वर क आराधना कइलें।
12


एही बीच, अनज्ञाकारी सेवक के एगो बड़ आश्चर्य मिलल। असहाय होके समुद्र की गहराई में डूबत योना के पता रहल कि उनके डूबला से केहु भी ना बचा सके ला। उ अब डूबते जात रहलन – लेकिन परमेश्वर की लंगे कुछ अउर ही योजना रहल।
13


यहोवा योना के घोटें खातिर एगो बड़ मछरी के तैयार कइले रहलन। मछरी सही समय पर आइल! एकही घूँट में योना समुद्र से बाहर मछरी की पेट में रहलन। योना तीन दिन तक मछरी की पेट में अंदर रहलन। उनकरी पास चिंतन - मनन अउर प्रार्थना करे खातिर बहुत समय रहल।
14

तीन दिन की बाद योना अंत में परमेश्वर की आज्ञा क पालन कइला क वादा कइलन। तब, परमेश्वर मछरी की मन में ई बात डाललन अउर उ योना के किनारे ले जाके उगल दिहलस।



15

एक बार फिर, परमेश्वर योना के नीनवे जाये अउर परमेश्वर की वचन क प्रचार करे खातिर कहलन। ए बार, योना चल गइलन! योना चिल्ला चिल्ला के सब, शहर में प्रचार कइलन, "चालीस दिन में, नीनवे उलट दिहल जायी।"



16

नीनवे क लोग परमेश्वर की संदेश पर बिश्वास कइलन। उ सब अपनी पाप की क्षमा खातिर परमेश्वर के देखावे की खातिर; सब उपवास कइलें अउर टाट पहिनलें। ईहां तक क राजा भी परमेश्वर की सामने अपनी आप के दीन कइलन। उ अपनी राज सिंहासन से उतर गइलन, टाट पहीनलन अउर राख पर बइठ गइल। उ हर एक लोगन के आज्ञा दीहलन कि सब लोग अपनी दुष्टता की रास्ता से हिंसा से मन फिरावें अउर यहोवा से प्रार्थना करे कि उ उनके माफ कर सकें।



17

परमेश्वर उन लोगन के माफ कइलन! नीनवे में लोगन की खातिर ई खुशी क एगो अद्भुत दिन रहल होइ जब लोगन के ई एहसास भइल होइ कि परमेश्वर उन सब के माफ कर देले बाने। ... लेकिन एगो व्यक्ति बहुत गुस्सा में रहल, योना!



18

योना काँहे गुस्सा में रहलन? उ कहलन, परमेश्वर हमके पता रहल की आप एगो अनुग्रहकरी, बिलम्ब से क्रोध करे वाला, दयालु, "अउर करुणानिधान परमेश्वर हअइं।" दूसरी शब्द में, योना जानत रहलन कि परमेश्वर हमेशा लोगन की पाप के क्षमा कर देलन, जे केहू भी अपनी पाप से पश्चाताप करें ला अउर परमेश्वर की आज्ञा क पालन करे ला। अइसन लागे ला कि योना, नीनवे की लोगन के पसंद ना करत रहलन। उ ना चाहत रहलन की उ सब क्षमा प्राप्त करें।



19

योना, परमेश्वर से एतना गुस्सा रहलन कि उ ई कहलन, हमरी में से हमार जान ले लेइं "जीवन से बेहतर हमरी खातिर मउवट बा।"



20













योना अउर बड़की मछरी

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

योना

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा
जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !